This document is part of The Vaynakh Vault archive
You can contribute right now to the conservation of our heritage at vayvault.com

the vaynakh vault

Солтаханов И. Э.

# ДЕШАРАН КНИЖКА



ФГОС

1 КЛАСС

**Солтаханов И.Э.**

ФГОС

# ДЕШАРАН КНИЖКА

# 1 КЛАСС

Нохчийн Республикин юкъарадешаран учрежденешна Iамат

Магийна Российски Федерацин серлонан Министерствос
(Российски Федерацин серлонан Министерствон
2018-чу шеран 28-чу декабрера № 345 йолу омра)

Iамат Федеральни пачхьалкхан юьхьанцарчу юкъарчу дешаран
стандартаца йогIуш ю

Соьлжа-ГIала
АО «ИПК «Грозненский рабочий» 2019

СШ №38 г. Грозного
Инв.№

*Ахмадов Муса*

# ЭЛПАШ

## А а



Аган чу йиллина Ама,
Ахьар дан яхана мама.



Йоьхна мача хьуна яйрий?
Охьакхозуш хаьдда ...

*(айра.)*

## Аь аь



ХьаьжкIашна асар дан бIаьста
Девашас ирйира ...

*(аьста.)*



«Аьрта ду вайн арсаш», – аьлча,
Аьрзус, лехна, еа аьлха.



# Б б



Бабас, еача Іаьржа буьйса,
Барзах лоций дуьйцу туьйра.



# В в



Ведар эцна вели кетІа
Тхан лулара жима Леча.



***

Дечиг-пхьар дІахІоьттина,
Аннех хьекха ...

*(воттана.)*





# Г г



Генахь гуш бу лекха лам,
Уллехь Іуьллу кІорга Іам.



***

Шуьйра доьллуш дечкан ков,
Вахас керта ялий ...

*(говр.)*

# ГІ гІ



ГІайре къеста Іома юккъехь,
ГІезаш гулло цунна юххехь.



***

Синтарш дугІуш хьастагІа
Денис юьйгІи ...

*(гІаммагІа.)*



# И и



Ирзу хьуьна юккъехь Іуьллу,
Цигахь ловзуш бераш хуьлу.



***

КІанта цІийнан кор дІадилли –
Арара схьахези ...

*(илли.)*



# Й й

Мел лехарах, базарахь
Деза йовлакх дацара.

***

ЦІен сиз хьокхуш дина доза
Дохош, кІанта дира ....

*(йоза.)*





# К к



КетІа валий, хьажа стигла,
Кема доьду, некъах тилла.



***

Йиш яц бабин дийца туьйра,
Ласто еза цуьнан ...

*(куьйра.)*

# Кх кх

Кхокха тІома баьлла хьийза,
«Кху-кху» бохуш, бека иза.





***

Ца туьгуш кхин шурех Іаба,
КІанта яссий шурин ...

*(кхаба.)*

# КI кI



КIа, дIадийнарг гурахь лаьтта,
КIайчу лайлахь
сийна къаьста.

***

Эса синтем боцуш Iара,
Готта яра цунна ...
*(кIара.)*



# Къ къ



Баккха лаахь хьайна мел,
Динах лаций де ...
*(къамел.)*

***

Хьайн хIуманна де ахьа дола,
Ларде тептар, жайна, ...
*(къолам.)*





# Л л



Говрана, ца хедош пхенаш,
Тоха деза когех ленаш.



***

Дада Iуьйрре хьуьнха ваха,
ТIаьхьадисна бежнаш ...
*(лаха.)*

# М м

Кеда йоьттина шура мерза
Мала гIерташ, хьийза моза.





***

Iоман хи ма малалаш,
Цу чохь луьйчу ...
*(маймалаш.)*

# Н н



Бац и мангал, бац и марс,
Ю и бешахь кхуьу ...

*(наьрс.)*



***

УьйтӀахь цӀена хӀунда дуй? –
Хьалхна дела цигахь ...

*(нуй.)*

# О о



Орам кӀорга тесна коьллаш
Чехка болчу махал тоьлла.



***

Лекха бердаш охкуш кӀорга,
Лаьмнашкара догӀу ...

*(Орга.)*



# Оь оь



Оьпано ша охку латта,
Оьла еш, дӀадуьллу атта.



***

Дада волчу хьаша воьсси –
Иман, беркат керта доьсси.



# П п

Болар партал пийло до,
Букъ тӀехь бераш лелало.



***

Кха тӀехь Ӏуьллуш дика къаьста
Малхах тера можа ...

*(паста.)*

# ПI пI



Моллас эли берашка:
«Деза де ду пIераска».



***

ПIаьлдиг кIанта теси ги,
Гена ваха веза и.



# Р р

Ринжа дитахь тIе ца къовлуш,
Керта дажа бежнаш довлу.



***

УьйтIахь, лоцуш дийнна агIо,
Пхьеро дира лекха ...

*(рагIу.)*



# С с



Сихха етт дIалалла, ара
Салман вели, эцна ...

*(сара.)*



***

Буьйса яьлча, йогIу Iуьйре.
Де дIадаьлча, кхочу ...

*(суьйре.)*

# Т т



Тайниг эцна шена ловзо,
Татол йисте яха Ровза.



***

Аса ийци ловза буьрка,
Вашас – шена яа ...

*(туьркаш.)*

# ТI тI



ТIулг тIебетташ, кегдеш бIараш,
ТIамарш юуш бераш Iара.

***



Тай, маха схьаэцна кара,
Нанас пIелгах боьлли ...
*(тIара.)*

# У у



Учахь Бабас тIергIан эханг,
Урчакх хьийзош, дора дехха.

***



Вилспет хохкуш гуттар а
Новкъа хуьлу ...
*(утарма.)*



# Уь уь



Уьйриг, урчакх, тIара, ю –
Уьш тхан Бабин гIирсаш бу.

***



Пеша тесна йоккха гуьйриг,
Луьстур бу ас тIергIан ...
*(уьйриг.)*

# Ф ф




Фабрике ца воьдуш балха,
Ферма еш ву юьртахь Iалха.

***



Iамаделахь моллин дарсаш,
Диц ма делахь Делан ....
*(фарзаш.)*



СШ №36 г. Грозного
Инв.№

# Х х





Хесахь нанас белхаш бора,
Хохаш, наьрсаш кхиайора.

***



Дахарехь ца лаахь тила,
Іилманан хьо доттагI хила.

# Хь хь



Хьечаш даьхна яьлла Лала
Хьаьмцаш даха гIур ю кхана.

***



Йина яьлча локъамаш,
Дийр ду бабас ....

*(хьокхамаш.)*



# ХI хI



Мел хьо хьежарх, йиш яц кIордо,
ТулгIеш еттар бердех ....

*(хIордо.)*

***



Аренашкахь хаза гуш
Льаьтта можа маьлхан ...

*(хIуш.)*

# Ц ц

КIа аьхьира хьерахь дадас,
Цунах бепиг дира нанас.



***



– Мама, хингалш дийр дуй ахьа?
– Дийр ду, схьаба сиха ...

*(цаца.)*



# ЦI цI



ЦIов бахьаш, мангала вахна,
ЦIа кхечи сан ваша тахна.



***

Бай тIехь го цIен тIадамаш –
Хилла девлла ...

*(цIазамаш.)*

# Ч ч



Чорпа, жижиг-галнаш, вета –
Чомехь даарш суна хета.

***

Сирла догу буса чиркхаш,
Царна гонах хьийза чуьркаш.





# ЧI чI

ЧIама къехкош кетIара,
ЖIаьла чIогIа летара.



***



КIант хиийстехь денна Iара,
Лаца гIерташ боккха ...

*(чIара.)*

# Ш ш

«Суна эшац цхьа а ижу,
Шура лойша», – доьлху Пису.





***

Бераш, арий, чуй ма дийла,
Кхаьчна вайна чилла ...

*(шийла.)*

# Э э



Энисина деша лаьа,
Элпаш яздан цунна хаьа.

# Ю ю



ЮргIа тоьгуш Айсет ю,
Ю яйъина, лоьхуш ю.



***

ЦIенош, урам – хаза сурт,
КIанта юьллу хьоме ...

*(юрт.)*

# Юь юь



Йиша еха гена юьртахь,
Ю гIалина иза юьстах.



# Я я

Яраш юккъе дахна кIеза,
Яхна, схьадалийра Децас.



# Яь яь

Яьлча бIаьсте Iаьнах маьрша,
Яьсси йистехь зазаш даьржа.



# I

Iаьнан гIура юьйли яша,
Iаьржа хьаннаш сенйо гIаша.

***

Гуьйре, яьлла, яха дIа,
Деана кхечи шийла ...

*(Iа.)*



# ЧЕХКААЛАРШ



КIайн къиг, къаръелла,
Къурдаш деш ю.
Къорза къийгаш къеххкайо
Къарамечу къийгаша.

***



Цецан чохь цу ца соцу.
Сан шар – шуна, шун шура – суна.



***

Чопа – чоьлпи чохь, чоьлпа – чорпи чохь.

***



Шина чиркхан ши шиша,
Шина шичин ши йиша.

***

Хьо чохь сецча, со чохь ца соцу.
Со чохь сецча, хьо чохь ца соцу.

***

Шар мелла ши газа,
Ша тIе даьлла ши шинар.



***

Со шершинчохь, ча чу ца шерша,
Ча чу ца шершинчохь со чушерша.



***

Дай чохь кIа къега,
Хи чохь тIо къега.

***

ПхьалгIахь пхьеро, пхьаьрсаш хьаладина,
Пхьарцерг пхоьазза схьаозийра.

***

ПIаьлдигах пIелг бетта пIаьнгазхо,
Пхьуьйшахь ша латто шелахо.

***

Хьан киснахь – ши сирник,
Сан киснахь – ши шай.

*Эдилов Салавди*

## ГАКИНА ЙИШ



Карзахдаьлла гаки вайн,
Олилай-болилай.
Ага тахко деза дайн,
Олилай-болилай.
Дижий дала, жиманиг,
БIаьргаш хьаббе, хазаниг.
Амма гаки дижац дIа,
БIаьргаш бетташ иза Iа.
Собар, собар! ГIара ма е!
Шабарш ца деш, IаддаIе!
Дита дижа кIорни аш,
Наб ю цунна тIегIерташ.
Базлуш лаьтта гакин бIаьргаш,
Бага ю цо шуьйра гIиттош.
БIаьргаш хьабби, наб озий,
Эххар гаки дIадижи.





## ДАГАРДАРШ



Цициг-мициг мича дахна?
Дай чу дахна.

До-мо мича бахна?
Iам чу бахна.

Iам-мам мича бахна?
Булано мелла.



Була-мула мича яхна?
Лам тIе яхна.

Лам-мам мича бахна?
Буьхьиго баьжна.



Буьхьиг-муьхьиг мича яхна?
Барзо йиъна.

Борз-морз мича яхна?
Тоьпо йийна.





Топ-моп мича яхна?
Хьалакхозу вайн дадин васхалахь.

***

Вахара со, вахара со,
Хьажин хьера вахара со.
Хьажас суна жарж белла,
Жарж аса пхьерана белла.
Пхьеро суна кІеза делла,
КІеза аса жаІуьнна делла.
ЖаІуьно суна Іахар белла,
Іахар аса Дадина белла.
Дадас суна гІа-буц елла,
ГІа-буц аса аттана елла.
Атто суна шура елла,
Шура дехко, цІога тоьхна, Іанийна.

***

Сар-сарахь сахили,
Ал котам йийки.
Ломахь нІаьнеш кхайкхи,
Ва Сарсара, Сарсара,
Араяла, Сарсара,
Махо цаца бадий хьан,
Хих эчиг хили хьан.
Ваша ватІа йоІ йинчун,
ЙоІал лекха кІуж бинчун,
Чамагарш лехьийнчун...
Шовр-шовра ши башмакх.





# КИЦАНАШ

Воккхачо аьлларг динарг дохко ца ваьлла.

Дешар – Іилманан ков.

Бух боцу шелиг хих дузур дац.

Воьдуш динарг хьесап дац, вогІуш динарг бен.

Керлачу норо нехаш цІена йоху.

Хи долчохь бен хуьлуш дац дахар.

Шен хеннахь вижнарг кхаа вонах ваьлла, шен хеннахь гІаьттинарг кхаа диканах кхиъна.

Іуьйре цІийелча, кхоллар кечъе, суьйре цІийелча, кхаллар кечде.

Вина мохк мазал мерза бу.

Шен ненан сий лардечо Даймехкан сий а лардийр ду.

Шен цІа – цІен цІа.

Болх бечу кхаьчча, болх бе, юучу кхаьчча, яа.

Оьздачу стага шен цІахь а, хьошалгІахь волуш санна, йоу хІума.

Стеган мах ша хадийнарг бу.

Дешар – серло, цадешар – бода.

Коьртехь хьекъал ца хилча, когаша къахьоьгу.

Майра ву алий, кура а ма вала, хьекъал долуш ву алий, сонта а ма вала.

– Хьекъал долуш верг мила ву? – хьаттина.
– Нахе хІума хоттург ву, – жоп делла.

***

Хьархочо пхьор дохьу, пхьеро пхьалгIахь пхьегIаш йо.



***

Бацалахь цаьпцалгийн цхар деца, цаци чохь Бицацин цу беца.

***

Хьо чохь сецча, со чохь ца соцу.
Со чохь сецча, хьо чохь ца соцу.

***



Къоьгам, къуьда, къоршкъали –
Къаима тховса къола ди.
Къакъас къайлах къедади –
Къийго къамкъарг къекъайи.

***

КIар-кIир-кIур –
Кхийра кхаба,



Кхаби чу боьжна Iайг.
Дум-гали-вира бIов,
БIов тIе яла, къорза къиг!



***



Муш-муш хаьддера,
Шура-мура Iаьннера,
ЧIама-чIима бедира,
Елха хиира Хабила:
Чехка-чехка чехконо
Чахчийна-хабийна,
Вас йина, хаийна,
Муьста худар даийна,
Човхийна-эккхийна,
КIохцалга тIе хаийна.





ХIума хаар – нахе ладогIар.

Дений-нанний муьтIахь боцу доьзал – герга-ра мостагI.

Доьзал дика – беркат дукха.

Ненан сий динарг махко а лерина.

Хьайга далург нахе де ма ала.

Яхь йолчун дагахь хьагI хир яц.

Ваша ваша вац, и хьан доттагI вацахь.

Генара доттагI – йоьгIна гIала.

ДоттагI шираниг тоьлу, керт керланиг тоьлу.

КIезиг дечо дукха дуьйцу.

Сихалло са даькк хина, собаро лам баькк хина.

Барт болчохь – беркат, барт боцчохь – зулам.

Барт боцчу доьзалехь беркат хир дац.

Аьхка мало – Iай хало.

Аьхкенан дийно Iаьнан бутт кхобу.

Массо а хIуманал мерзаниг – хьаналл къинхьегам.

Тешнабехк биначух боьду.

Стеган дагара матто схьадуьйцу.

Ло доцуш Iа а хир дац, йовхо йоцуш аьхке а хир яц.

1. Дешарх лаьцна долу кицанаш тIера схьаязде.

2. ★★★ Хьалхара тоба: Даймахках лаьцна долу кицанаш схьалаха; шолгIа тоба: доттагIаллех лаьцна долу кицанаш схьалаха; кхоалгIа тоба: къинхьегамах лаьцна долу кицанаш схьалаха.



# ХIЕТАЛ-МЕТАЛШ



Лелабо бIе маха шеца.
Безий хьуна? ХIан, дIаэца.
Текхарг цунах къаьхкаш ю.
Алал сихха, и хIун ю?



Пхи ваша ву – цхьатера вац,
Амма цхьаъ бен кетар-м яц.



Баттий, лергаш цуьнан дац,
Цундела йистхуьлуш яц.
Урамашкахь хуьлуш ю,
РоггIана боьллуш кхо бIаьрг бу.
БIаьргийн серло хуьйцу –
Вайна некъаш дуьйцу.
Алал, хIун ю иза
Хиин шуна хIинца?

Жимий, йоккхий ши говр сан
Цхьана гоьзанах дIатесна.
Дийнахь цкъа бен лоллуш яц.



ХIетте и шиъ соцуш яц.
Боларна уьш къаьсташ ю,
Хаал, муьлха чехка ю:
Жимчо цхьа го боккхучохь,
Вукхо тосу шийтта го.



Куьйгаш, кортий цуьнан дац,
Цхьатерра онда биъ ког бу.
Йолаяла хууш яц,
Цхьана меттехь лаьтташ ю.



Иза пеш яц, амма йохло,
Воттана дац – хIума шарйо.



ХIусаман гIайгIа ца йо цо –
Шен цIа букъ тIехь леладо.

ДегI доцург, кхин меже яц,
Цунна шена дуьне гац,
Амма дахар девзаш ю,
Дийца, хьеха говза ю.
Шегахь шортта хьекъал ду.
И цаезарг пекъар ву.
Ахь цхьажимма ойла яхь,
ХIун ю хаа декхар ду.



ЦIеначохь и бижна Iуьллу,
Нехаш йолчохь болх беш хуьлу.

Буьйсанна бIаьрг къарзабо,
Хьуна эшахь, серло ло.
Амма дийнахь болх ца бо,
Шен цхьа бIаьрг цо дIахьаббо.



*Махмаев Жамалдин*

## НЕКЪАН АБАТ



Сан кегий доттагIий,
Соьга ладогIалаш,
Аса бечу хьехамийн
Хьесап дан хьовсалаш.

Миччахь Iаш хиларх шу,
Шахьарахь я юьртахь,
ДIасалела хала ду,
Бакъонаш ца хаахь.

И башха бакъонаш
Вай цхьаьний Іамор ю:
Сан «Некъан абато»
Шуна некъ хьоьхур бу.



## А

Алсам ю гІалахь машенаш,
Ахьа цуьнан ойла е.
Адамийн некъ бу шайн,
Аша иза диц ма де.
Автобус йогІу гой,
Акъвалий ма латта.
Аварех хьо ларло,
Адамашца дІахІотта.

## Аь

Аьлха санна, некъ бу шера,
Аьрхалла кхузахь дика яц.
Аьтту агІор хьажа генна,
Аьрру агІор тоха бІаьрг.
«Аьчкан ворда» гучу ца ялахь,
Аьтто бу хьан дехьавала.



## Б

Байттамал цахирриг
БІаьрг сирла хилалахь:
Бодашкахь, серлонгахь
Бохамах ларлолахь.
Боккхачу урамах
Бай бина, хьо ловзахь,
Баба ахь елхор ю,
Больнице кхочур ву.



## В

Велосипед аьрха яц, ма моттталахь,
Варий, гІалахь и чехка ма хахкалахь.
ВогІуш, воьдуш ларлуш хила, сих ма ло,
Вочух тІаккха ларвийр ма ву Дала хьо.

## Г



Готта белахь урамнекъ,
Гуш ца хуьлу машенаш.
Гергахь йогІуш цахиларх
Генна дІасхьахьовсалаш.

# ГI



ГIашлой дукха хуьлу гIалахь,
ГIиллакхаш ду нехан шен-шен.
ГIалатваьлла гал ца валахь,
ГIакх а хилла, хьо ца латтахь,
ГIоза воьрзур хьайн хIусаме.

# Д

Де хиларх я буьйса йоларх,
Даим урам урам бу.
Дехьадовлуш, сехьадовлуш,
ДоттагIий, ларлуш хила шу.
Дуьйцучух шу тешаш дацахь,
Дархой хилла дуьсур ду.



# Е

Емелхан ву новкъахь ловзош буьрка,
Ерриг арахь гIаттийна цо чан.
Еана машен кхачахь, бохам хир-кха,
Ехьа ойла, жима Емелхан!



# Ж

Жима хиларх я хиларх доккха,
ЖIаьла ураме ахь ма даккха.
Жулар буйнара хецалахь,
ЖамI вон хила тарло тIаккха.



# З

ЗаьIап стаг латтахь новкъахь,
Зуламах ларван хьажалахь.
Забарш йитий, куьг а лаций,
Зилах дехьа ваккхалахь.

# И

Ислам гIала вигнера,
Инзар чIогIа и ваьллера:
Ирхдахна лекха цIенош
Исламана ца гинера.
И машенаш – кегий, яккхий…
Идарх, тIаьхьакхуьур варий?!
Ислам, хIинца иза алий,
Ида ма идалахь, варий, варий!

## Й

Йисита ю лелаш гIалахь
Йишин куьг а лаьцна шен.
ЙоI, урам ахь ма хадабелахь,
ЙогIуш хьайна гахь машен.

## К

Кегий бераш, даьхкинехь шу гIала,
Куьйгаш лаций, некъал дехьадовла,
Кортош лестош, юккъехь а ца соьцуш,
Каде, бертахь, куьйгаш дIа ца хоьцуш.

## Кх

«Кхийринчун ненан ца дезна елха», –
Кхетам ло вайна вайн дайша.
Кхаьчначохь гIала ца хилахь аьрха,
Кхочур ду шайн цIен тIе маьрша.

## Къ

Къамеле ваьлла, тидаме воцуш,
Къена стаг урамехь вогIуш велахь,
Къажарца хьажий, тIех а ца волуш,
Къоьжаллин сий деш, цунна гIо делахь.



## КI

КIентий, дукха дуьйцу алий,
КIаддалар ма гайталаш.
КIадбоцург сан къамел ларий,
КIорда а ма дайталаш...

...КIезица новкъахь ма ловзалаш
(Хиларх гIалахь, юьртахь шу).
КIелдодахь и машенна,
КIеза доцуш дуьсур ду.



## Л

Лардан шу бохамах
Лаарна, дуьйцу ас.
Лазорна шу кхоьруш,
ЛадогIар доьху ас.

Ларлуш шу ца хилахь –
Лаамза лазор ду,
Ловзаран меттана
Лор лаха дезар ду.



# М

«Мало – хало», – олу халкъо.
Массара дагахь латтаделаш:
Мичхьахула некъаш хедо
Мегар доций, диц ма делаш.

# Н

Нагахь автобус тIе хьо хьалаваьллехь,
Накъост хьан виснехь лахахь,
Нах дIасатоьттуш, ара ма ваьллахь,
НеIаро лазор я кхетар охьа.

# О

Осала ма хила автобус тIехь –
Оцо хьан дика цIе йоккхуьйтур яц.
Охьахао диц ма де воккханиг гахь,
ГIиллакхе кхочуш хIумма а дац.

# Оь

ОьгIазе ма хила, хьо новкъаваьллехь,
Оьздалла товш ма ю массо а меттехь.
Оьшуш дац мохь хьекха адмашна юккъехь,
Оьмар хьан яхлур ю, дикалла гайтахь.



# П

ПетIамат, хьалххе гIаьттина,
Полле а хаьттина,
ПаргIат араелира.
– Проспект – иза уьйтIе яц,
Партал хила мегар дац, –
Поллас йоIе элира.

# ПI

ПIелгашца хьуна гIалахь
Схьагойтур яц цхьа а хьаьрк.
Цундела хила урамехь
Лергаш – сема, сирла – бIаьрг.

# Р

РогIерачу сан хьехамна
Реза хир вуй-теша хьо?
РогIехь машен цагарх хьайна,
Раз ида ца оьшу хьо.

# С

Светофоран кхо бIаьрг бу,
Серлаболуш роггIана.
Само еш, уьш тергалбахь,
Синтем хир бу хIоранна.

Сихвала хьо мегар дац
Сехьа-дехьа волучохь.
Сонтал цкъа а дика яц,
Собар, хьекъал оьшучохь.

## Т

Тамаш балла, сихонца
Толуш йогӀу вайн гӀала.
Токхе, бертахь дехар ду
Тахначул а вай кхана.

## ТӀ

ТӀеда хилча некъа тӀехь,
ТӀалам хьайн совбаккхалахь.
ТӀуьнчохь шаршахь, валахь гал,
ТӀаьхьа хир ду байттамал!

## У

Урамновкъа волуш велахь,
Уггар хьалха дӀасхьахьажлахь:
Улле кхочуш машен елахь,
Урам хадо ма сихлолахь.

## Уь

Уьдуш ловзар гӀалахь хуьлу кхераме,
УьйтӀе ма яц гӀалин майда – диц ма де!



## Ф

Фонарикаш-лампанаш
Буса гӀалахь латайо.
Буьйсанна а машенаш,
Дийнахь санна, лелаш го.

Цундела буса урамехь
Къаьсттана ларлуш хилалахь.

## Х

Хаалаш, бераш, урамехь
Хаддаза лела машенаш.
Хабаре довлий, церан некъ
Хадо сихо ма елаш:
Хаьхкина йогӀу машина
Хала ду сацо цӀаьххьана.

## Хь

Хьайна маьрша лела лаахь,
Хьайна могуш хила лаахь,
Хьалатоьхначу урамашкахь
Хьаьркийн йоза Ӏамаделахь:
Хьалххе хьуна иза довзахь,
Хьо лелар ву даим гӀоза.

# ХI

ХIора биъ некъ къаьстачохь
ХIоттийна ю светофор.
ХIуп ца олуш латадо
ХIоразза цо шен кхо кор.
ХIета, ахь уьш тергал ца дахь,
ХIаллакьхир ву, дIахаалахь.

# Ц

Цахуург Iамо атта ду,
Цалуург кхето хала ду.
Цхьаверг, шена хьехам бича,
Ца вешаш а хуьлуш ву.
Цхьаболчеран «майралло»
Цатам бохьу некъа тIехь.
Цундела шайн аьрхалла
Ца гайта хьовса урамехь.

# ЦI

ЦIазам санна, цIий а белла,
ЦIен бIаьрг леттехь светофоран,
Баьццара бIаьрг цо дIабеллалц,
Хьоьжуш латта веза хIора.





# Ч

Челакха ма хила гIалахь –
Чехкалла дика яц новкъахь.

# ЧI

ЧIуг хьаьвзаш некъаш а
Нислуш ду гIали чохь,
ЧIогIа тидаме хилалахь ишттачохь.
ЧIагIонна гонаха йина керт цахиларх,
ЧIарх-алий чекхвала
Цкъа а ма гIорталахь!

# Э

Эвлара гIала вагIахь дуьххьар,
Эмалк санна ма лелалахь.
Эрна латтар, дIасхьахьежар
Эхь ду хьуна, дIахаалахь.

1. Хьайн цIе йолош долчу элпан «Некъан абат» тIера байт Iамае.

2. Дийца, муха ларйо аша некъан бакъонаш.

# ТУЬЙРАНАШ

## БУХIАНАН, МАЬЛХАН КЪОВСАМ

*(Халкъан туьйра)*

Мацах-мацах, тохара цхьана дIаяхначу хенахь, бухIа хилла шен доттагIашна-олхазаршна гергахь дозаллаш деш, дерриг а дуьне серладоккхуш, къагош берг шен ши бIаьрг бу бохуш.

И хааделла малхана. Цо бухIане аьлла:

– Ма гIерта сан сий хьайна дерзо.

БухIа яша а ца яьшна цо бохучух.

– Хьо бу и сан сий хьайна дерзо гIертарг! – аьлла цо.

Церан къовсам баьлча, схьагулделла дерриг дийнаташ, цушиннах бакъ муьлха луьй хьовса.

Цхьадолу акхарой а, олхазарш а бухIано дуьйцучух тешаш хилла, вуьш малхехьа девлла.



– Дика ду, – аьлла малхо, – со цхьана ханна дIалечкъар бу, ткъа шу, бухIано дуьне серла муха доккху, хьовсуш хила.



ДIалечкъьина малх. ТIебеана бода.

Къерзош хилла бухIано бIаьргаш, амма дуьне серладолуш ца хилла.

Юха схьакхетта малх, серладаьлла дуьне.

Хьаьттина малхо:

– ХIун олу аша?

Массара а хьовзийна бухIа, кхин ала хIума а ца хилла, тIема а яьлла, дIаяхна.

ХIетахь дуьйна дийнахь гучу ца йолу бухIа, бусий бен.

1. ⭐⭐⭐ Дийца, шуна хетарехь, муьлха ду бухIа къовсамехь эшаран бахьана. Шуьца юй цу тайпана амал?

*Махмаев Жамалдин*

## ЛОММИЙ, ДАХККИЙ

Шуна-м, бераш, дика ма хаьа, цицигий, дахкий вовшашца муха ду. Царах лаьцна нохчийн кицано боху: «Цицигна – ловзар, дахкана – балар». Иза-м дас-нанас довзийтина хир дара шуна. ХIан-хIа, вай дуьйцург мультфильмера Леопольд ма дац, хьуьнхахь кхуьу акха цициг ду.

Мичча баьлча а, Дахка маьрша баха буьтуш ца хилла Цициго. Кхин дан хIума а ца хилла, акхаройн паччахь Лом долчу бахна дахка, шена гIо деха.

– Хьан сийлалла, хьан ондалла, хьо нийсонан да хиларна беана со. Къинхетам беха, сел

Мугтозамич имис 15к

гІорасиз болчу сох! – дехна Дехко. – Хьо орцах ца далахь, хІу довр ду-кх тхан.

– ХІун хилла?

– Оцу Цициго даха ца дуьту-кх, хІаллак-до-кх тхо.

Кхайкхина Цициг тІе а далийна, Дахкана тІекховдахь луьра таІзар дийриг хилар дІаха-ийтина лоьмо. Ткъа Дахка, шена уллехьо Іуьрг а даккхийтина, баха хаийтина.

– Дела реза хуьлда хьуна! – аьлла гІадбахначу Дехко. – Ахьа дина Іуналла диццдийр дац аса цкъа а. Соьгара хьуна гІо оьшуш меттиг ягІахь, сайн са а кхоор дац.

– ДІабала, цІийза а ца цІийзаш, – ца даьшна Лом. – Хьоьгара гІо оьшучу далахь, чІогІа декъаза хьал хІотта-м деза соьга.

Дехко хІумма а ца элира – паччахьца къийсар кхерам боцуш а ма дац.

Лоьман лулахь маьрша бехара Дахка. Доьзал а бара кхуьуш. Акхаройн паччахь масазза гин, соций, маршалла хоттура цо.

Цхьана дийнахь боккхачу сен чарх дІа а тоьхна, дуьзна, куро-о эшаран мукъам а беш догІу Лом цІаьххьана речІано лецира.

ДІатохаделира Лом, схьатохаделира, речІа онда яра, хада ца белира чилланан муш. Мелхо а, логехь тІекъовлабелира. Церг тІе ца кхочура.



Ког тохарх, лаг лазор бен, хуьлуш хийцам бацара.

Ишттта дІаделира де, тІееара буьйса. Кхунна хьесталуш лелла доттагІий гучу ца бовлура...

Дуьненах дог диллира акхаройн паччахьо – сахилча тІевогІур ву речІа йоьгІнарг. Цо лаьцна дІадуьгур ду, ца дигалахь, къа ца хеташ, дуьйр ду...

Лом гучу ца долуш де-буьйса даьлча, сагатделла, цуьнан лорах бахначу Дехкана карийра иза. Кхийтира хиллачух.

– Ватталхьана, – элира Дехко, кхин хабаре а ца болуш, – кІеззиг сатохалахь. – ТІаккха церггашца каде цестина, муш хада а бина, Лом паргІатдаьккхира.

Дийнахь-бусий къовладелла лаьттина, лацаделла дегІ, саттош, метта а далийна, шен док-



кхачу тӀодаца схьаэцна, дахка цхьа эсала хьаьстира Лоьмо.

– Мел жима велахь а, тешамечу доттагӀчуьнга кхочуш хӀума дац бохург хӀара ду-кх, – элира Лоьмо. – Дуьзна, маьрша долуш, хьанна моьттура, хьоьгара гӀо оьшур ду… Со хьох ца дашнехь а, ахьа къизачу Ӏожаллин буйнара даькхи со. ХӀинца хии суна, кураллаш ма е бохуш, тхан дас хьехамаш хӀунда бора. Тохара ахьа санна, хӀинца аса а боху хьоьга: «Дела реза хуьлда хьуна!»

Иштта ду шуна, доттагӀий. ДегӀана гӀийла, жима ву алий, накъост дӀа ма татталаш, тешамечу накъостал деза, мехала хӀума дац шуна.

1. ★★ Муха кхета шу «хӀу довр ду тхан» бохучух?
2. Дийца, хӀунда ца дешира Лом дехко аьллачух.
3. ХӀун ойланаш йора речӀано лаьцначу Лоьмо?

## ЦХЬОГАЛЛИЙ, НАЛЛИЙ

*(Халкъан туьйра)*

Цхьана заман чохь, мацалла хӀун дийр ду а ца хууш, дисна цхьогал.

Лела-аш, цунна дагадеана, дера деза ша нелаца гергарло таса аьлла. Нал, Ӏеха а йина, жимма хан а ялийтина, юур ма ю ша аьлла, сацам а бина, цхьогал нал йолчу дахна.

– Дера, нал, хӀинца юучуьнца чӀогӀа гӀоьртина ма ду вайна массарна а, – аьлла цхьогало. –



Вайшиъ цхьаьна а кхетта, рицкъ лаха хьаьжча, аьтто хир бацар-техьа? Хьуна хӀун хета?

Цхьогал хӀилла долуш а ду, кхуьнца доттагӀалла тесча, зен хир дац аьлла, дагадеана:

– Хьо бакълов! Цхьаьний рицкъ лаха хьаьжча, аьтто нисбала а тарло, – аьлла, тӀетайна нал.

Иштта и барт а бина, цхьаьний шаьшшинна кхача а лохуш, йолаелла наллий, цхьогаллий.

Лела-аш, хан яьлча, цхьогало аьлла неле:

– Вай иштта хӀара хотеш толлуш лелархь, эхӀ-аьлла, кхин ижу ца нисло вайшинна. Дера деза вайшиъ, юьрта а дахна, цигахь котам-кӀорни карадогӀийла хьажа.

Нал реза а хилла, дӀадоьду-уш, и шиъ уьшал тӀе нисделла.



– Кху уьшалх дехьадалалур дуй-техьа вайша? – аьлла нело.

– Аса баькх-баьккхинчхула ког а боккхуш, схьайола хьо, хьуьллахула го тесна дахча, хьелур ду вайша, – аьлла, хьехар дина хIилланечу цхьогало, нал уьшал чохь йисаре сатесна.

Цхьогало баьккхинчу ког а боккхуш йогIуш йолу нал цхьана меттехь чуйоьжна.

– ХIинца-м караеара хьо! – аьлла, тIехьа а даьлла, цхьогал нал яа доладелла.

Баккъал а ша юур юй а хиъна, нело аьлла:

– Цхьогал, со хIокху ишалахь йисна яьлла. Хьайна луург дер ахьа сох. Цкъа, со яа хьо доладалале, суна хьо гайта хьалха долахьа.

Цхьогал хьалха а даийтина, цунна кIомсар тухур ю ша аьлла, дагадеана хилла нелана.

И хиъначу хIилланечу цхьогало аьлла:

– Деллахь, нал, хьалха дола ма алахь соьга, кхузахь доллушехь, эхь хеташ доллу хьуна со.

1. ХIун барт бира цхьогало а, нело а?
2. ХIун хIилла дира цхьогало нелана?

## КХО ГАЗА-ГУЬЗИГ

*(Халкъан туьйра)*

Кхо газа-гуьзиг яхна хилла ломал дехьа яжа-кхажа. Цхьа гай долчо, ша юьзна яьлча, ши гай долчуьнга аьлла:



– Хьо цIа йогIий? Со юьзна яьлла!

Вукхо жоп делла:

– Хьан цхьа гай дузарх, сан шиъ ца дуьзна. ДIаяло, со тIаьхьаккхуьур ю хьуна.

Цхьа гай дерг цIа йоьдучу новкъахь хина тIехула теснachу готтачу тIай тIехула яла езаш хилла. ТIай тIе хIара кхочуш, цу кIелара схьа а яьлла, борз дуьхьалъяьлла кхунна.



– Хьо стенгара йогIу, ва газа-гуьзиг? – хаьттина барзо.

– Ломал дехьара яжа-кхажа яханчуьра йогIу.

– Хьан коьртахь ерг хIун ю?

– МаIа-тIоьлгаш ю.

– Хьан кочахь ерг хIун ю?

– Муьсил-мехий ду.

– Хьан синпха хIунда беттало?

– Хьох кхоьруш беттало!

Барзо и, хьап-аьлла, дӀакхаьллина. Юха шен метта дӀалечкъина борз.

Ши гай долчо, ша юьзна яьлча, кхо гай долчуьнга хаьттина:

– Хьо дӀайогӀий? – аьлла.

Вукхо жоп делла:

– Хьан ши гай дузарх, сан кхоъ ца дуьзна. ДӀаяло, со тӀаьхьакхуьур ю хьуна.

Ши гай дерг новкъаяьлла цӀа яха.

ТӀайна тӀе кхаьчча, вукхунна санна, борз дуьхьал а яьлла, хьап-аьлла, иза а дӀакхаьллина.

Кхано кхо гай дерг цӀа йогӀуш, цунна дуьхьал а яьлла борз. Цо хаттарш дина кхуьнга:

– Хьо стенгара йогӀу, ва газа-гуьзиг?

– Яжа-кхажа яханчуьра йогӀу-кх!

– Хьан коьртахь ерг хӀун ю?

– Хьуна Ӏитта йохьуш маӀа-тӀоьлгаш ю-кх!

– Хьан кочахь ерш хӀун ю?

– Хьуна Ӏитта дохьуш муьсил-мехий ду-кх!

– Хьан синпха хӀунда беттало?

– Хьох лата дог хилла беттало-кх!

Чухьаьдда, берзан гех маӀаш тоьхна, и датӀа а дина, шен ши накъост паргӀатъяьккхина цо.

Борз, кхоьссина хи чу а яхийтина, «хьонгтӀонг, сан ши накъост» бохуш, цӀа яхна кхо гай долу газа-гуьзиг.

1. Туьйран чулацам тӀехь инсценировка хӀоттае.



# ЦХЬОГАЛАН БЕКХАМ

*(Халкъан туьйра)*



Ломмий, борззий, цхьогаллий хилла, говр, эса, газа а карийна, уьш шайна юкъахь нийсонца екъа муха йоькъур ю ца хууш, Ӏаш.

Лоьмо аьлла барзе:

– Борз, массарал хьекъале хьо ю, ахьа екъахьа уьш.

– Сайна – говр, эса – цхьогална, газа хьуна кхачор яра аса-м, – аьлла барзо.

Лом оцу кхелана реза ца хилла.

– Цхьогал, хьо массарал хӀума дика хууш ду, ахьа екъахьа вайна юкъахь уьш, – аьлла лоьмо.

ХӀума хууш долчу цхьогало жоп делла:

– Говр, эса, газа аса хьуна кхачор яра-кх!

Лоьмо аьлла, ахьа и кхел дукха нийсаярна, ша газа хьуна юьту.

Цхьа хан яьлча, лом цомгуш хилла, дукха жижиг диина. Акхарой лоьме могашалла хатта йоьлхуш хилла.

Барзо лоьмана дагадаийтина:

– И хьан доттагI цхьогал ма дац гуш, ва лом?

– Баккъал а, дан а ма ца деана иза соьга хьа-жа! – цецдаьлла лом.

Цул тIаьхьа цигахь хиллачу акхароша цхьо-гале дIадийцина барзаний, лоьманий юкъахь хилла къамел. Деана схьакхаьчча цхьогал, кеч-делла, сеттана, хIумма а шек доцуш.

Лоьмо оьгIазе хаьттина:

– Кху хьуьнхахь мел йолу акхарой соьга хьа-жа яьхкича, хьо хIунда ца деанера?

– Деллахь, лом, хьо цомгуш ду аьлла хезча, хьуна цхьа дарба ца карийча, гучудала бегIийла ца хеташ Iийнера со-м.

– Карийний хьуна? – хаьттина лоьмо.

– Дера карийна! ХIокху лаьттачу берзан нас-тар-пхьид ахьа яахь, талур ду-кх хьо!

И къамел цхьогалан багара доллушехь, акха-роша, дIатIекхетта, берзан настар-пхьид схьа а яьккхина, лоьмана яийна.

Дедда цигара цхьогал. Борз цунна тIаьхьа-яьлла, дуьтур ма дацара ша хьуна и аьлла.

Юха а хьаьжна, цхьогало аьлла:



– Борз, цу Делан Вазлора, хьо Iад ца Iахь, хьан оцу бисначу кхаа кога цIен маьхьсеш юхур ма ю аса.

1. Барзо хIонц екъарна реза хIунда ца хилира лом?
2. Цхьогална хIун бекхам бан дагадеара барзана?
3. Муха дIабирзира барзана, цхьогална юккъера къовсам?

## ЖIАЬЛИЙ, БОРГIАЛЛИЙ

*(Халкъан туьйра)*



ЖIаьлий, боргIаллий хилла хьуьнха дахна. Буьйса тIееача, боргIало, ша лаьттахь мегар яц, жIаьла, ша гаьн тIе яла йоллу, хьо оцу хари чу дIадижахьа, аьлла.

БоргIал сахуьлуш кхайкхина, ша Iама ма-Iаммара, IуьI-Iаре-Iуь аьлла.

Толлу-уш лелачу цхьогална и хезна. Деана схьаиккхина, цо аьлла:

– Дукхаяха, боргIал, хьо. Ма хазачу меттехь Iаш ю хьо, йиш ма исбаьхьа ю хьан, мас ма хаза ю хьан. Цу буьххье муха елира хьо, суна хьеха-хьа, хьан лулахо хир дара-кх со...

Иза-важа аьлла, хьастаделла цхьогал.

– Деллахь, цхьогал, сох дозуш хIума а ма дац хьуна хIара. Со-м кху тIе а ялалур яцара, оцу хари чохь Iуьллуш сан доттагI ву хьуна, цуьнга хаттахьа, – аьлла боргIало.

ТIаккха, хатта дагахь, цхьогало, хари тIе а дахна, хьожа яьккхина.

Цхьогал кхин меттахдала кхиале, сиха хари чуьра араиккхинчу жIаьло, дIакатоьхна, цхьо-галан цIоган буьхьиг баьккхина.

Иштта, и сакхт бахьанехь, керла хьалатIе-кхуьучу тIаьхьене а даьлла, даим а кIайн дисна, боху, буьххьера цхьогалан цIога.

1. Аша дешна оьрсийн халкъан муьлха туьйра дагадо-уьйту шуна хIокху туьйрано?

## ЗУЙ, ПХЬАГАЛЛИЙ

*(Халкъан туьйра)*

Хийистехь, малх кхеттачу басахь, схьа а яс-таелла Iуьллуш Зу яра. Мичара йолу ца хууш, коьллаш юккъера схьаиккхира Пхьагал. ЧIогIа



кхераеллачу зуьнна, шена хьалха лаьттарг цхьа дера доккха экха ду, моьттира. Юьхьанца, сих-ха хьаьрчина, деккъа цIена кIохцалш а хилла дIахIоьттира иза, дуьхьало ян кеч а елла. Кхано, Пхьагал йовза а евзина, дIасахьаьжна, гонаха кхин цхьа а кхерам ца хаабелла, хьаьрчинчуьра хеца а елла, кIохцалш нисдан хIоьттина Зу.

Пхьагална хиьна, Зу шех озаеллий.

– Стенах кхераеллера хьо, Зу? Со-м, сайл кхоь-руш цхьа а экха хир дац, моьттуш яра. Жимма гIовгIа яьлча а, йодий дIалечкъа со. Кхано, хан яьлла, ладоьгIна хьаьжча, дитта тIера гIа хуьлу охьадоьжнарг...

– Со кхоьру бохург-м дац хьан иза? – аьлла, ре-зайоцуш йистхилира Зу. – Хьуна ца хаьа, сох мас-со а акхарой кхоьрий? Сан кIохцалшна тIегIорта ца яьхьа я борз а, я ча а. Ткъа Цхьогало-м заха-ло хьахийнера соьга, хьоьца гергарло таса лаьа-ра шена аьлла. Цунна дика ма хаьа, хьуьнхара акхарой сох кхоьрий, – бохуш, даккхий къаме-лаш долийра Зуьно.



– Дозаллаш дийриг! Куралллаш йиийриг! Стен-на до ахьа и сонта къамелаш? Суна дуккха а меттигаш хаьа, кIохцалш ду аьлла, зуьнаш кIелхьара ца йовлаелла. Ур-атталла олхазарех Цхьогал-м хIунда дуьйцура вай! Цо-м, бIаьрг-а. бонегIар тохале, ши дакъа дийр дара хьох, – бо-хуш, карзахйолу Пхьагал. – Ма елахь кхидIа яьсса куралла! Со-м къера ю хьуна! Со-м кхоь-ру. Амма цхьа догдохийла ю сан – чехка ядар. Цист! Схьахетарехь, коьллаш юккъехула цхьаъ ву схьагIерташ!

– Ван а-м ву! ХIан, иза-м хьан нускал Цхьо-гал ду хьо йолчу догIуш. Іодика йойла! Пхьагал дIатилира, алалахь цуьнга, – аьлла, дIатасаелла, коьллаш юккъе иккхира Пхьагал.

Цхьогал тIекхачале дIаяха ца ларийра Зу. Цхьогал тIе ма-деана, хьаьрчина, уьйриг хили-ра цунах. КIохцалш ира а хIиттийна, мерах шок етташ, кхийсаяла йолаелира иза.

– ХIун хилла хьуна, сан хьомениг? – хаьт-тира тIедеанчу Цхьогало. – Цомгуш-м ца хилла хьо? Хорша-м ца еана хьуна? Са ма гатде ахьа, со хьожур ю хьуна хьоьга, – бохуш, Зу Іехо да-гахь къамел долийначу Цхьогало, меллаша ког а Іоьттина, хи чу кхоьссира Зу: «Лийча-м ца лаьа хьуна?» – аьлла.

Хи чу йоьжна Зу, хьаьрчинчуьра хеца а елла, тIекIелъелира, гай тIехула а долуш. Цхьогало,



иза хи чуьра схьа а яьккхина, шена цунах ижу йира.

Ша-шех дозаллаш деш, Зуьно йинчу курал-лех хьуьнхарчу акхарошна дийца хIума дисира.

1. ХIун дозаллаш деш хилла Зу?
2. Пхьагало хIун элира Зуьне?
3. ХIун маьIна ду туьйранан?

## ★★★ ДЕШНАШ СХЬАКАРАДЕ

1. Хьолана стигала а ... карор бу.
2. ... – беха, дош – доца.
3. Къиг тIееача, ... а гIотту хьала.
4. ... когаша кхобу.
5. Дукха лер ... цатоар ду.
6. Кхечу жIаьлера даьIахк яккха гIоьртина пхьу ... доцуш дисна.
7. ... ца хьежначу цIа чу лор хьежна.
8. Собар толаман ... ю.
9. ... хадийча, синтар дакъаделла.
10. Ловзар лаьттинчу кертахь ... а лаьтта.
11. Генара ... хаза хета.
12. ХьажцIа баьхьча а кIо бисна ...
13. Лекхачу ножана хьоькху ... ца эшна.
14. Аре ... бу.
15. Барт боцчу цIа чу ... ца деана.
16. Тайпа, тукхам доцург ши тIам боцу ... ду.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Хьекъал | Тезет | Лард | Хох |
| Некъ | Къиг | Орам | ТIом |
| Мох | МоччагIал | Зурма | Ирс |
| Муш | Малх | Борз | Олхазар |

*Махмаев Жамалдин*

## ХААЛ ШУНА...

Хаал шуна, хазахеташ,
Со воккхавеш хIунда ву?
Малх а тахна хьоьжу лепаш. –
И сел нуьре хIунда бу?



Сийна стигал хIунда екхна,
Йилча санна, цIанъелла?
Олхазарша эшарш лоькху. –
Царна а хIун хазделла?

Массара а со декъалво –
Селхана ялх кхаьчна шо.
Мамас боху, хIинца шен кIант
Хаал воккха хилла го.

Ас мел дукха сатийсира
Сентябрь тIекхачаре!
Со наб кхетта ца висира,
ГIаьттинера сов Iуьйрре.



Хьалхxе кечам бина аса-м,
Оьшург эцна, хьем ца беш.
Школа ю сан керла хIусам.
Марша Iойла, берийн беш!

Урам буьзна бераш догIу,
Зезагаш ду хIорангахь.
Ирсе воьлуш со а вогIу
Цу зезагийн хIордалахь.

ХIинца суна тIейогIур ю
Дуьххьарлера хьехархо.
Куьг а лаьцна, со вуьгур ву
Хьекъалечу новкъа цо.

Со ирс лаха новкъаваьлла,
Со кхуьур ву Iилманах.
«Деша, деша, деша», – аьлла
Бусалба дино вайга, бах!

1. ХIунда ву иштта сакъераделла кIант?

*Кибиев Мусбек*

## ГIОЗА ДАХА



ГIоза даха хIора хьоза,
Iуьйрре диттан гаьн тIехь дека.
Жима зингат даха гIоза,
ДIасахьийзаш, дан шен некъаш.





ГIоза баха накхармоза,
Полла санна, зезаг къесто.
ГIоза баха полла, гIоза,
Зезагаш тIехь тIемаш лесто.







ГIоза даха адам, гIоза,
Зингат, полла, накхармоза.
ГIоза даха хIора хьоза,
Гаьн тIера, тIам тоьхна, гIатта.
Машарехь даха-кх вайн латта!



1. Дийца, хIун лаам бу авторан.



*Сейлмуханов Муса*

## ЙОККХА БАБА

ХIора буса техкош ага,
КIорда ца деш «хазниг» баха,
Аган тIе хиладой гIант,
Хьоьсту бабас кIентан кIант.

Баба йоцуш юххехь йижа,
Бер ца туьгу, доьлхуш, дижа.
Кхойкху бабе, гучахь езаш,
Гучуяьлча, делакъежа.

Бабас хьоьсту берийн бераш
Доггах, чIогIа дукхадезаш.
Хьо ехийла дукха, баба!
Ахь техкоза дуй-те ага?



# МУТИН ХЬЕР

*(Халкъан)*





Со воьдура, воьдура,
Мутин хьера воьдура.
Мутис суна хIур белира.
Цунах аса доьша дира.
Доьша аса пхьаьрна делира.
Пхьаьро суна кIеза делира.
КIеза аса жаIуьнна делира.
ЖаIуьно цхьа Iахар белира.
Iахар аса барзана белира.
Барзо суна кIа-буц елира.
КIа-буц аса аттана елира.
Атто суна шура елира.
Шура аса писуна елира.
Писус тIаккха дахка лецира.







1. Къастош дIаеша.
2. Хьалхара биъ могIа дагахь Iамабе.



*Кагерманов Докка*

# ЖИМА ДАХКА



Генна махка боьду аьлла,
Жима дахка новкъабаьлла:
Лергах тесна – туьркан лаг,
Багахь – берцан чуьппалиг!

Новкъабаьлла ши де даьлча,
Шийтта хих ша дехьабаьлча,
Гира цунна лекха тIай,
ТIай тIехь лаьтташ гира сай!

Цу сен букъ тIехь – уьнтIапхьид,
МаIа тIе хиина хилла къиг.
Цунна хьалха лаьтта ка,
МаIаш юккъехь даьлла кIа!?

Жимма дехьа лаьтта дитт,
Буьххьехь екаш къорза пхьид.
Диттах хьоькхуш шога мотт,
Тийсалуш ю бегемот!

Цигахь болу мерза стом
Ларбеш Iаш ду цIоькъа-лом,
Лаца гIерташ берзан чож,
Барзах хьерча буьрса Бож!

Баккха гІерташ мерза ІаьІа
Іитталуш ю мертІемаІа,
ЦІоганах тесна беха баьхьа,
ТІома баьлла сийна лаьхьа.

Орцах ловзу маймалаш,
ЦІоганах хьерчош дайн хІазарш.
Лаца гІерташ жІаьлийн «гІав»,
Стигла кхийда кІайн жираф.

Лаьхьанах бина горга хІоз,
Хьаьдда догІу доккха цІоз!
Кхийсалуш ду жІаьлийн гуй,
Халхабуьйлу эрзан нуй!

Эццахь меттахдевли гІаш...
Цициг хилла-кх тебна Іаш!
Эццахь дахкалг самабели,
Цуьнан нана а гучуели!

Кхин хІун дисна цигахь ган? –
Къайладаьлла буьрса гІан!

1. Муьлха дийнаташ а, акхарой а гира дахкана гІенах?
2. ⭐⭐⭐ Царах цхьаннах лаций дийца.



## ЭЛПАШ

«Со урокаш йина вели», –
Шен ден нене Лечас эли.
Бабас боху: «Дика ду,
Хаза яздан хууш ву».

Мамас хоьтту: «Ма сиха
Вели сан кІант яздина?»
Лечин йиша шекьели:
«Хьаьжча, хуур ду-кха и», –
Аьлла, тетрадь схьадилли,
Цу тІехь кхарна хІара гин:
Цхьа элп – горадахна,
Важа – охьадижна,
Цунна уллохь Іохкуш ду,
Доьлхуш, декаш «а», «и», «у».





«Б» ду букархьаьвзина,
ГIортор йоцуш, дожийна.

«Д» элп холчухIоьттина:
КIанта цуьнан букъ бойна...
Доьлху элпаш, дека элпаш,
ГIерта элпаш нисдала.

«Ала, оха хIун дина, –
Боху цара, – Лечина?
Ма Iазапехь дохку тхо,
Дахьара аш тхуна гIо!»

Шекъа цхьанна тIеIаьнна,
Девзар доцуш бехдина...
Мама ойла еш лаьтта.
Бабин чIогIа догдаьттIа.

«ХIун дан деза? ХIун дийр ду?..» –
Цаьрга Пису хьоьжуш ду.
Месала цIога лестадо,
Дарин цIока къегайо.

Горга корта лестабо.
Къорза бIаьргаш хьежадо.
Реза дац и Лечина,
Цо ницкъбарна элпашна.

Лечин доттагI Борз-жIаьла,
ГIовгIа хезна, деара.



Корта чоьхьабаьккхина,
ЛадогIа дIахIоьттира.

ТIаккха, хилларг хиина,
Садетта ца лиина,
Арадаьлла, дIадаха
Шена доттагI кхин лаха.

Лечин йишас гIо дира.
«ГIовттал, элпаш, – элира, –
Вай зарядка йолор ю,
Шун меженаш толур ю».

Леча Iара тап-аьлла.
Моьтту, дохко и ваьлла...
Бераш, элпаш ларалаш,
Хаза яздан Iамалаш!

*Берсанов Хож-Ахьмад*

## ХОРБАЗИЙН ХЕХО

Iаьссан тогIи чохь хорбазаш йийнера. Уьш ларъеш вара воккха стаг Салам. Цуьнан жимахволчу вешин кIант Iалман а вара цунна гIо деш.

Iаьссал дехьара дечигаш а яьхна, чардакх дан волавелира и шиъ. Iалмана оьрнаш а даьхна, лекха биъ бIогIам буьйгIира цушиммо. Лакха тIехь гажалгашна чу хIиттош пурхнехьа дечи-

гаш а ехкина, цу тӀехула гӀан генаш а доххкуш, екъа йол а йиллина, мотт кечбира. БӀаьлланган серийн хӀазарш а хьовзош, цу тӀехула йол а тухуш, тхов бира цара. Цхьана бӀогӀам тӀехь генаш дӀахедош ехо юьхкаш а йитина, ламин меттана тӀеволийлла йира.

Лекха, самукъане дара чардакх. Бакъду, чуьркаша хьийзавора и шиъ. Чуьркаша къийзорал кӀур гӀолехь хеташ, наггахь чардакхна бухахь дакъаделла кхош дагош, кӀур бора цушиммо.

Іалмана, до а боьгӀна, хи чуьра чӀерий лоьцура. Царах дика пхьор хуьлура. ЧӀерий зайли чохь кхорзура цушиммо, наггахь чорпа а йора.

Буьйса инзаре хетара Іалманна. Наггахь чагӀалкхаш екара. Делахь а, иза кхоьруш вацара, деваша шеца хилча, муххале а.

Цхьана буьйсана хилдехьа берзалой уьгӀира.

– ХӀинца само ян еза вайшиммо, – элира Салама.

Къегина беттаса кхетта, екхна яра и буьйса.

«ЧӀалкъ-чӀалкъ», – аьлла, хи кегош санна хийтира хехошна.

– ХӀа-ан, схьахетарехь, берзалой хих сехьайовлуш ю. Шаьш йитахь, хорбазаш йохор ю цара, – бохура Салама, тоьпа чу ши патарма а буьллуш.

Чардакхна кӀелхула кхаш тӀе схьаеара берзалойн арданг.





Гергахьо йолчу барзана хьажийна топ кхоьссира Салама ший а лаг узуш, тогӀи а, и ерриг хьун а екош. Жа лаьхкича санна, дур даьхьира евддачу берзалоша.

Іуьйрана хьаьжча, барзана топ кхеттачохь цӀийн лар карийра шина хехочунна.

Чов хилла борз дӀаяхнера.

1. Салама а, Іалмана а чардакх муха дира?

## ХОХИЙН ХАС

Сацита жима елахь а, гӀуллакх дан Іемаш ю. Шен нанна гӀо до цо. ПхьегӀаш юьлу, нуй хьокху, кхидолу гӀуллакхаш до. Сацитин сакъерало чохь, кертахь гӀуллакх деш.

Цундела лулахоша хестайо иза.

– Сацита дика йоI ю. ГIуллакхаш дан Iемаш ю иза.

Нана йоккхае цо дечу гIуллакхех...

БIаьсте елира. Диттийн чIениг тохаелира. Стигал екхна, бовха хьоьжура малх.

Сацитас стоьмийн дитташна лахашха кир хьаькхира. Зезагашна хи туьйхира.

– Мама, хIун де аса хIинца? – хоьттура цо.

– СадаIахь, Сацита. Тоьур ду ахьа дина гIуллакхаш.

– Со гIел ца елла. Хас ахкийтахьа соьга.

– Ахка. ХIун ен йоллу хьо цига? – елакъежира нана.

– Кхоьш, хохаш, хорсамаш.

Сацитас хас аьхкира, латта, шардеш, тодира. Юккъе шунаш а деш, деа декъе дерзийра Сацитас шен жима хас. Цхьана декъа тIехь хохаш бийра, шозлагIчу декъа тIехь цIен хорсамаш дийра. КхозлагIчу декъа тIехь – жIонкаш. ДоьазлагIчу декъа тIехь кхоьш йийра.

Сарахь, Iуьйрана хи тухуш, асар деш, лелийра Сацитас шен хас. Хьийкъира цIен хорсамаш.

Дуьлуш цIан а дой, уьрсаца цастарш а дохий, керла тIо а буттий, стоьла тIе хIоттадора уьш Сацитас.

– Дика йоI ю Сацита, – хастайора иза дас.

Хохаш кхиира, кхоьш хьийкъира.





ЖIонкаш а хилира. Сацитин куьйган беркат дара иза.

Цунах йоккхаера нана.

1. ★★ Дийца, хIун муха кхиош яра Сацитас шен хесахь.

## БАРЗА

Воккха стаг ИбрахIим кест-кеста хьуьнах воьду. Цо цигара даго дечиг а, керт ян серий а дохьу. Месала, доккха жIаьла ду церан. Барза ю цуьнан цIе. ИбрахIима, ша масазза воьду, хьуьнах дуьгу Барза. Хих дехьаволуш вордан тIе хаадо цо иза.

Наггахь Барза ша а долу хих. Когаш лакха хьала а уьйуш, хи кIоргачу кхаьчча, нека до цо. Йисте даьлча, дегалой, дарцаш дIасатуху.

Барзас гІо до ИбрахІимна. Иза аьлча а бакъ хьанна хетар ду? Яжа дІахецна говр, гена ца йолуьйтуш, ларйо цо. Дечиг даьккхина а ваьлла, ИбрахІим цІа ван тохавелча, Барзина хаьа.

Цо говр, «гІалх-гІалх» олий, меттах а йоккхий, лоллий, вордан тІе схьаялайо.

Цул тамашийна дара Барзас дина кхин цхьа гІуллакх. Дечиг доккхуш вох а велла, ИбрахІима шена тІера схьаяьккхина аьхна тужурка охьайиллинера. Хьун чуьра некъайисте схьа араваьлла, ворда дІаюжуш воллура ИбрахІим. Барза гуш дацара.

Дукха хан ялале «хур-р-р» бохуш, цхьа хІума текхош хезча, цецваьлла, цІаьххьана юхахьаьжира ИбрахІим.





Барза дара иза, ИбрахІиман хьуьн чохь йисна тужурка яхьаш догІу.

ГІадвахна, велавелира ИбрахІим:

– Маржа-яІ, Барза, айхьа суна гІуллакх до моьттуш догІу хир дара хьо-м, ламазна бехйи-кх ахьа и сан тужурка, – бохура цо.

Ткъа иза жІаьлина ца хаьара. Воккха стаг велавелла-векхавелла гича, хазахетта, тужурка цунна юххе охьа а йиллина, цІога а лестош дІахІоьттира Барза.

1. ИбрахІим цецваьккхинарг хІун дара? Шуна хетарехь, иза жІаьлина оьгІаз хІунда ца вахна?

## АЬХКЕ

Довха ду денош.

Гуди, мотт а баьккхина, дайна кІел, ІиндагІехь дехьаш Іуьллу.

– ХІун хилла цунна?

– Дохделла иза.

Котамаш, тІемаш а охкийна, зІакарш гІаттийна, логан кІелош етталуш, комарийн дитта кІел хевшина Іа.

– ХІун хилла царна?

– Йохъелла уьш а.

Хи чохь луьйчуш ду бераш. Маьхьарий деттаcovered, ловзу уьш. Хи чохь нека до цара, хи буха лечкъа уьш. Жима Нура а ю цаьрца.

– Нура, хи кІоргачу ма ялалахь, хьуна нека дан ца хаьа, хи буха гІур ю хьо!

– Со гомхачохь луьйчуш ю. Хьажал, суна гоьллец догІу кхузахь хи!

Нурас хи кегадо, канашца хьалакхуьйсу.

ЭхІ, ма хаза ю аьхке! Туьркаш ношъелла, цІазамаш хилла. Баьллаш цІийелла, комарш Іаржъелла.

– Нохьа, хьан батт хІунда Іаржъелла?

– Комарш йиина аса.

– ЦІазамаш даа вогІий хьо?

– Цкъа лийча вай?

1. Дийца, хІунда ду аьхка хаза. Аша муха йоккху аьхкенан зама?

## ЗУЬНО ДИНА ХІИЛЛА

*(Халкъан туьйра)*

Борззий, цхьогаллий, зуй, цхьаьна а кхетта, ижу лаха дахна. ДІаоьху-у-уш, цхьана новкъахь Іуьллуш доккха йоьхьан дакъа гина царна.

Барзо, катоьхна, йоьхь схьаэцна. Цхьогаллий, зуй цунах тасаделла.

ДІасаийзийна цара йоьхь, хІораммо а шегахьа а ийзош.

Йоьхь декъа барт ца хилла церан.

ТІаккха зуьно аьлла:





– Шу реза делахь, буса уггар хаза гІан гиначунна кхочур ду йоьхь!

Борззий, цхьогаллий резахилла.

Цу тІехь барт а хилла, акхарой дІадийшина.

Іуьйрана барзо шена гина гІан дийцина.

– ТІехь Іу воцуш жа гира суна. Цу юккъера дерстана дол-долу уьстагІий, схьа а лоьцуш, дира аса, – аьлла цо.

– Хаза дайна гІан ду иза-м! – аьлла зуьно. – ХІинца ахьа дийцахьа, цхьогал, хьуна хІун гира гІенах?

– Котамаш йолчу бун чу кхечира со. Цу чуьра, ерстана ер-ерг схьа а лоцуш, котамаш йиира аса, – аьлла цхьогало.

– Иза а ду хаза дайна гІан,– аьлла зуьно.

– ХIинца ахьа дийцал, – аьлла, тIедирзира цунна борззий, цхьогаллий.

– Аша гIенах лелийнарг суна гира. Мел лехча а, суна-м ца карийра кхалла хIумма а. ТIаккха со мацалла самаелира буьйса кхоалгIачу декъе йирзинчу хенахь. Шу, уьстагIий а, котамаш а йиъна, меца а хир дац аьлла, аса и йоьхьан дакъа диир-кх, – аьлла зуьно.

– И хIун ду ахьа динарг? Хьо ен еза! – мохь хьекха хIоьттина борззий, цхьогаллий.

Зуьно, горг а елла, шен муцIар, когаш дIалачкъийна. Массо а кIохцал ирхдахийтина, буьрка санна Iуьллучу зуьнна хIун дер ца хууш, гонаха дIахьийзина, схьахьийзина, кхин дан хIума а ца хилла, ши экха дIадахна.

Иштта эккхийна-кх жимчу, хьекъалечу зуьно борззий, цхьогаллий шена уллера.

1. ☆☆☆ Дийца, хIун гIенаш гина акхарошна.

*Алиев Мохьмад*

## ПХЬАР

Арахь етташ цхьа хIума а хезна, чохь цхьацца деш йоллу Асет, ладоьгIна, сецира. Ванах, и хIума еттарг мила ву-те? ДIасахьежархь, кхин хIумма а ца гина, и гIовгIа шен хIусамдас пхьола дечу цIа чохь а хетта, цига яхара иза.





Меллаша неI йиллина, чухьажча, шен кIант гира. Цо дечух цецъяьлла:

– Салман, хьо хIун деш ву? – хьаьттира Асета.

– Со, дера, ву, нана, олхазаршна чохь Iан цIенош деш, – элира кIанта.

– Ло диллича, чудаха хIусамаш ца хилча, уьш шеллур ду. Iа шийла дагIахь, уьш хIаллакьхир ду. Цундела царна Iа даккха гIо дан воллу-кх со. Буьйсанаш шийла ца йогIу вайна? ЦIенош аса леккха дитташ тIе дIатухур ду, царна чу сих-сиха юург а юьллур ю, уьш, ца леш, Iаьнера девр ду. Ницкъ белара ишта-м массо а олхазарш Iаьнах даха. Делахь а сайга дало гIо-м дийр ду!

– Лекхачу дечка тIе ца тоьхча, ца мега уьш? Хьалавала а гIоьртина, чувагIахь, лазор ма ву хьо!

– Бина бен а бац, нана, и дIатоха дитта тIе ваьлла а вац, ткъа хьо соьга, лазор ву, лакха хьала ма вала, бохуш ю.

– ДIавалахьа хIинца, ларлолахь, пхьар, – ела а елла, араелира нана.

Сарралц олхазаршна «цIенош» дира Салмана. КIад а велла, суьйрана бинчу белхан жамI



дича, кIанта ша бина ялх бен багарбира.

Шолгlачу дийнахь Iуьйрре, дукха хьалхе гIаьттина, вахара Салман шен доттагI волчу.

Рамзан дечиг чуоьцуш карийра кхунна. Цунна гIо деш, ша деана гIуллакх дийцира Салмана.

Рамзана шен нене, ваха мегий аьлла, хатта а хаьттина, дIавахара ши кIант.

МаьI-маьIIе дитташ тIе бенаш дIатуьйхира цушиммо. Чу ча а дуьллуш, олхазаршна йовха хилийта, чоьнаш тойира. Массарна чу ялтин буьртигаш а тесира.

И болх бина шаьшшиъ ваьлча, гена а ваьлла, хIун хуьлу хьажа, сецира ши кIант.

Дукха хан ялале олхазарш гонаха хьийза дуьйлира, чудовлуш, сихха арадовлуш, баннашца эвхьаздовла гIерташ, меттигаш долайохуш.

Воккхавеш цIа вахара ши кIант.

1. Олхазаршна Iа даккха хIун гIо дира Салмана?
2. Аша хIун гIо лоцу олхазарш Iаьнах довларехь?



## ИРЧА ЙОЗА



Мусан йоза хаза дац,
Цхьа а могIа нийса бац.
МогIан юккъехь «йома» ю,
Наггахь элпаш Iункар ду.

Боху Мусас: «Бехк сан бац,
ХIара ручка дика яц.
Хаза яздан ца вуьту,
ГIалат цо со вуьйлуьйту».

Муса, ручкин бехк ма бе,
Ручка хуьйцуш, «зен» ма де.
Айхьа яздеш, къахьега,
Йоза нислур ду хьоьга.

Берех тийсавелла, эттIа
Цунна тIера коч-хеча.
Котам, цициг цунах доду,
ВогIуш шайна и гича.

Шел жиманиг дуьхьалкхетча,
Муьшка ца еш и Iалац.
Воккхачунна, жимачунна
ГIо дан карахдолуш вац.

Книжканаш а (эхI, и пекъарш!)
Горгамех цо тарийна.

Гомий-чIомий элпаш яздеш,
Тетрадаш шен бехдина.

«ДиЪий», «пхиЪий» даккха цкъа а
И къахьоьгуш хилла вац.
Шена аларх: «Дика кIант вац», –
Амал хийца дагахь вац.

Куьйгаш боьха цуьнан хуьлу,
Модех юьзна юьхь а ю.
Амма, хIумма шек а воцуш,
ХIума яа хуур ву.

Кхозу цуьнан еха месаш,
Ю уьш чIогIа тера мерзех.
Иштта хилча, наха олу:
«Ву и вуно тера херсех».

1. Шуна хетарехь, муха кIант ву Муса?
2. ХIун дан деза цо, дика кIант хила?





## ЧУЛАЦАМ


*Ахмадов Муса.* Элпаш ... 3
Чехкааларш ... 24
*Эдилов Салавди.* Гакина йиш ... 28
Дагардарш ... 29
Кицанаш ... 31
ХIетал-металш ... 33
*Махмаев Жамалдин.* Некъан абат ... 35

*ТУЬЙРАНАШ*

БухIанан, маьлхан къовсам. *(Халкъан туьйра)* ... 48
*Махмаев Жамалдин.* Ломмий, дахкий ... 49
Цхьогаллий, наллий. *(Халкъан туьйра)* ... 52
Кхо газа-гуьзиг. *(Халкъан туьйра)* ... 54
Цхьогалан бекхам. *(Халкъан туьйра)* ... 57
ЖIаьлий, боргIаллий. *(Халкъан туьйра)* ... 59
Зуй, пхьагаллий. *(Халкъан туьйра)* ... 60
Дешнаш схьакараде ... 63
*Махмаев Жамалдин.* Хаал шуна... ... 64
*Кибиев Мусбек.* ГIоза даха ... 65
*Сейлмуханов Муса.* Йоккха баба ... 67
Мутин хьер. *(Халкъан)* ... 68
*Кагерманов Докка.* Жима дахка ... 69
Элпаш ... 71
*Берсанов Хож-Ахьмад.* Хорбазийн хехо ... 73
Хохийн хас ... 75
Барза ... 77
Аьхке ... 79
Зуьно дина хIилла. *(Халкъан туьйра)* ... 80
*Алиев Мохьмад.* Пхьар ... 82
Ирча йоза ... 85

Учебное издание

Автор-составитель:
Солтаханов Ибрагим Эльбекович, кандидат филологических наук

КНИГА ДЛЯ ЧТЕНИЯ. 1 класс

На чеченском языке

Для общеобразовательных учреждений Чеченской Республики

Гл. редактор Бураева Т.И.
Редакторы Овхадов М.Р., Абдулкадырова Р.А.
Технический редактор Бураева Т.И.
Художественный редактор Дадакаева Э.Д.
Художник Дадакаева Э.Д.
Корректоры: Абдулкадырова Р.А., Бексултанова З.С.
Дизайн обложки Халиева З.В.
Компьютерная верстка Бицаловой А.Т.

ISBN 978-5-4314-0274-6

Подписано в печать 15.05.2019. Формат 70х90 1/16.
Бумага офсетная. Печать офсетная. Гарнитура Century Schoolbook.
Усл. печ. л. 6,43. Тираж 16 000 экз. Заказ № 0561

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35